

# Yo gen pou diminye sou èd NJ SNAP yo kòmanse nan dat 1 novanm: Men kisa ou dwe konnen.

Dènye fwa yo te revize enfòmasyon sa se te nan dat 2 octòb 2013

Lalwa federal pase lòd pou yo redwi sou sibvansyon ke tout mioun ki ap resevwa èd SNAP. Yo va kòmanse fè rediksyon sa apati premie novanm 2013.

Kantite rediksyon an depannde kantite moun ou genyen nan fanmi-w.

<b>Kantite moun ki nan fanmi-w</b>	<b>Rediksyon chak mwa</b>	<b>Kantite èd maksimòm SNAP apatide 1 novanm 2013</b>
1 moun	- \$11	\$189
2 moun	- \$20	\$347
3 moun	- \$29	\$497
4 moun	- \$36	\$632

Minimòm kantite sibvansyon yo te konn bay la pral pèdi yon dola. Li te \$16, kounyeya li pral desann vin \$15.

## **Kisa-m ka fè pou ogmante kantite sibvansyon-m yo?**

Si chak mwa ou resevwa MWENS ke kantite maksimòm èd ke ou ta dwe resevwa a, li posib pou ou kab ogmante èd SNAP ou yo si ou fè demach pou yo pran an konsiderasyon tout depans kalifye yo. Yo pa kab ba-w plis ke kantite maksimòm sibvansyon mansyèl ke yo dwe ba-w yo, menmsi ou ta vrèman gen anpil gwo depans.

**Depans Medikal:** Si ou gen yon moun nan fanmi an ki gen 60 lane ou plis, oubyen ki andikape, benefis ou yo kab vin pi plis si nou pataje ansanm tout depans medikal ke nou peye ak lajan nan pòch nou yo, tankou: pèman asirans, aparèy medikal ak transpòtasyon.

**Depans pou gadri:** Si ou peye pou gade timoun yo oubyen yon granmoun ki nan fanmi an pou ou ka al travay, chèche travay, oubyen al lekòl, benefis ou yo ka vin pi plis si nou pataje depans ke nou peye ak lajan nan pòch nou yo ansanm tankou: kotizasyon, pèman pou pwogram aprèl lekòl lage ak transpòtasyon.

Telefone biwo byennèt sosyal ki nan zòn kote ou abite-a pou rapòte enfòmasyon sa yo, epi mete tout dokiman ki gen pou wè ak depans sa yo prè pou bay yo kòm prèv.

## **Kèk lòt resous**

### **Pou Timoun**

### **Kantinn lekòl**

Nenpòt ki lè pandan ane lekòl la, ou gen dwa mande pou yo bay timoun ou yo kantinn gratis

oubyen a yon pri ki mwens chè kote yo lekòl la. Chèche jwenn ak direktè sèvis kantinn nan lekòl timoun ou yo pou pale avè-l sou sa.

Pou plis enfòmasyon, ou kapab kontakte biwo ki anchaj afè nitrisyon pou timoun nan Nyoudjeze yo ki se: *NJ Bureau of Child Nutrition* nan (609) 984-0692.

## **WIC**

Pwogram WIC ki nan Nyoudjèze a bay asistans manje pou fanm ansent, fanm ki ap bay timoun tete ak fanm ki fèk fin akouche, tibebe, timoun piti, ak timoun jouska laj 5 lane.

Sèvis ke pwogram WIC la bay yo genyen ladan yo: fomasyon ak konsèy sou zafè nitrisyon, ankourajman ak sipò pou fanm bay timoun tete, iminizasyon ak rekòmandasyon pou jwenn swen medikal.

Biwo pwogram WIC yo twouve yo toupatou nan Nyoudjèze. Telefone nan nimewo gratis sa: 1-866-44 NJ WIC (446-5942)

## **Pwogram alimantè pou timoun nan gadri ak pandan sezon ete**

Pwogram alimantè ki fèt pou gadri timoun ak granmoun *Child and Adult Care Food Program* (CACFP) ak pwogram alimantè nan sezon ete yo bay manje ak kolasyon pou patisipan kalifye ki enskri pou resevwa swen nan sant gadri ak nan kay kote yo fè gadri ki patisipe nan pwograms sa yo.

Pou plis enfòmasyon, ou kab telefone biwo ki regle zafè nitrisyon nan Nyoudjèze a *NJ Bureau of Nutrition Programs* nan (609) 984-1250 pou pale ak yon espesyalis nan zafè nitrisyon pou timoun nan zòn kote ou abite a.

Pou plis enfòmasyon sou òganizasyon ki bay swen gadri nan fanmi yo *Family Day Care Organizations*, telefone nan (609) 292-4498.

## **POU GRANMOUN KI AJE YO**

### **Sèvis alimantè adomisil ak an kongregasyon *Meals on Wheels and Congregate Meals***

Sèvis alimantè adomisil yo vin delivre manje tou prepare ba-ou lakay-ou. Manje an kongregasyon yo ki disponib nan sant refij pou granmoun aje yo ofri yon kote ou kapab chita pou manje ansanm ak lòt moun, kote ou kapab fè nouvèl konesans ak lòt moun, epi manje ak zanmi-w. Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo ki anchaj afè granmoun ki aje nan zòn kote ou abite a, [Aging & Disability Resource Connection/Area Agency](#). Vizite sit wèb New Jersey Division of Aging Services pou mande pou gade nan Aging (ADRC/AAA) pou ka jwenn yon lis tout biwo yo, oubyen telefone nan: 1-877-222-3737

## **POU TOUT MOUN**

### **Sant distribisyon manje *Food Pantries***

Telefone: 2-1-1 pou jwenn yon sant distribisyon manje nan zòn kote ou abite a. Lè ou rele nan 211, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kèk lòt resous ki nan kominote kote ou abite a tou. Ou ka

jwenn yon lis sant distribisyon manje nan sit wèb koalisyon k'ap batay kont grangou nan Nyoudjèze *New Jersey Anti-Hunger Coalition*.

**Lòt benefis ak sèvis ki ka ede-w kouvri depans ou yo.**

Vizite NJHELPS pou chèche enfòmasyon sou pwogram ki bay èd pou peye gaz chofaj kay, èd pou peye kouran, ak èd pou peye telefòn.